दिन–बुधवार दिनांक–04.11.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

———————————————————————————————

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि जे गया मे बनि रहल इंटिग्रेटेड मैन्युफैक्चरिंग क्लस्टर जेहेन दरभंगा मे सेहो औद्योगिक क्लस्टर बनेबाक प्रस्ताव केन्द्र सरकार के देल गेल अछि। ओ केन्द्र सरकार सँ बिहार मे एहन पाँचटा क्लस्टर बनेबाक आग्रह कयलनि अछि। श्री चौधरी आइ नव दिल्ली सँ पटना अयलाक बाद पत्रकार सभसँ गपशप कऽ रहल छलाह। मुख्यमंत्री कहलनि जे ओ केन्द्रीय वन आ पर्यावरण मंत्री भूपेन्द्र यादव सँ भेंट–घाट कऽ राज्यक प्रस्तावित औद्योगिक परियोजना सभ के शीघ्रहिं पर्यावरणीय स्वीकृति देबाक आग्रह कयलनि। श्री चौधरी रेलमंत्री सँ दियाबाती आ छठि महापर्वक बिच यात्रीसभक भारी भीड़ के देखैत बेसी सँ बेसी पूजा विशेष ट्रेन चलयबाक आग्रह कयलनि। नव दिल्ली सँ घुरलाक बाद मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी पूर्व मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सँ सेहो भेंट–घाट कयलनि।

———————————————————

भाजपाक देशव्यापी लोकतंत्र बचाओ, अराजकता हटाओ कार्यक्रम मे आइ पूर्णिया मे पदयात्रा निकालल गेल। पदयात्राक अगुआई असमक मुख्यमंत्री हिमंता बिस्वा सरमा कयलनि। एहि बिच आयोजित जनसभा केँ संबोधित करैत श्री सरमा कांग्रेस सहित आनो–आन विपक्षी दल पर एसआईआर के लऽकऽ भ्रम पसरबाक आरोप लगौलनि। ओ कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक नेतृत्व के देशक हरेक कोना सँ समर्थन भेटि रहल अछि। कार्यक्रम के भाजपाक वरिष्ठ नेता आ केन्द्रीय मंत्री नित्यानंद राय आओर जदयू नेता आ मंत्री रत्नेश सदा सेहो संबोधित कयलनि।

———————————————————

वर्ष दू हजार तीस धरि सतत विकास लक्ष्य–एस.डी.जी प्राप्त करबाक लेल राज्य मे प्रयास तेज कऽ देल गेल अछि। एहि बिच योजना आ विकास विभाग यूनिसेफक मददि सँ पटना मे एसडीजी नोडल पदाधिकारीसभक एक दिवसीय कार्यशाला आयोजित कयलक। कार्यशाला मे अपर मुख्य सचिव डॉ. एन. विजयलक्ष्मी विभाग सभ के विकास काजक सफलताक गाथा तैयार कऽ नीति आयोगक संग साझा करबाक लेल जनौलनि।

———————————————————————

केन्द्र सरकार अग्निपथ योजना मे अग्निवीर सभक सेवाक अवधि दू बरख बढ़ा देलक अछि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक अध्यक्षता मे केन्द्रीय मंत्रिमंडलक बैसार मे एहि प्रस्ताव के स्वीकृति देल गेल। बैसारक बाद चीफ ऑफ डिफेन्स स्टाफ जनरल एन.एस. राजा सुब्रमणि जनतब देलनि जे आब चारि बरखक सेवा पूरा कयलाक बाद नियमित सेना मे चयनित नहि होबऽवला पचहत्तरि प्रतिशत अग्निवीर सभ के दू बरख बेसी सेवा करबाक मौका भेटतनि। ओ जनौलनि जे पहिने पचीस प्रतिशत अग्निवीर सभक चयन योग्यता आधार पर नियमित सेवाक लेल जारी रहत। सीडीएस जनरल जनौलनि जे दोसर कार्यकाल पूरा भेलाक बाद सभ पचहत्तरि प्रतिशत अग्निवीर सभ के भारतीय सेनाक हिस्सा बनबाक मौका देल जायत। दोसर कार्यकालक बिच अग्निवीर सभ के बढ़ल पारिश्रमिक देल जायत।

———————————————————————

विशेष निगरानी इकाई आमदनी सँ बेसी संपत्तिक मामिला मे पथ निर्माण विभागक अधीक्षण अभियंता विजय कुमारक कतेको ठेकान पर एक संग छापा मारलक। सहरसा मे हुनक सरकारी कार्यालय आ आवासक संग–संग पटनाक दानापुरक गोला रोड आओर महेश नगर आ औरंगाबाद जिलाक दाउदनगरक घरक तलाशी लेल गेल। एहि बिच दस लाख टका बरामद कयल गेल अछि।

———————————————————————

प्रदेश मे एहि बरख सत्ताईस अक्टूबर धरि एन.डी.पी.एस अधिनियम मे चारि हजार दू सय बत्तीस मामिला दर्ज कयल गेल अछि आओर छओ हजार एक सय चारि अभियुक्त के गिरफ्तार कयल गेल अछि। मुख्य सचिव प्रत्यय अमृतक अध्यक्षता मे आइ मद्य निषेध आ राज्य स्वापक नियंत्रण ब्यूरोक समीक्षा बैसक भेल। बैसक मे जनतब देल गेल जे एहि बिच छियालीस हजार किलो सँ बेसी गांजा, डेढ़ सय किलो हेरोइन, एगारह लाख सँ बेसी नशाक गोली आ कैप्सूल आओर पाँच लाख सँ बेसी बोतल कोडीनयुक्त कफ सिरप जब्त कयल गेल अछि। ओतहि, अवैध अफीमक खेतीक विरुद्ध कार्रवाई करैतपांच सय बारह एकड़ सँ बेसी फसिल नष्ट कयल गेल अछि। बैसार मे शैक्षणिक संस्थान सभक पाँच सय मीटरक परिधि के ड्रग फ्री जोन बनेबाक आओर छब्बीस नवम्बर धरि चलि रहल नशामुक्त बिहार अभियान के असरिदार बनेबाक लेल जनाओल गेल।

———————————————————————

चेतना समिति, पटना द्वारा सभ बरख देल जाएबला कीर्तिनारायण मिश्र साहित्य सम्मान एहि बेर मैथिलीक चर्चित युवा लेखक विकास वत्सनाभ कें देल जयबाक घोषणा कयल गेल अछि। हुनका ई सम्मान हुनक कृति **नेपथ्य सँ अबैत हाक** लेल देल जाएत।

———————————————————

शिवहर जिलाक तरियानी थाना क्षेत्रक खाजेपुर पुलक लग एकटा अनियंत्रित पिकअप वाहनक चपेटमे अयलासँ मोटरसाइकिल सवार दू किशोरक मृत्यु भऽ गेलनि।

पूर्णिया सदर थाना क्षेत्र सँ पुलिस मादक पदार्थ स्मैक आ चारि लाख टाका संग एक तस्कर के गिरफ्तार कयलक अछि। ओतहि, अररिया जिलाक पलासी थाना क्षेत्र मे पुलिस एक घर मे छापामारि कऽ स्मैकक संग एक तस्कर के गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————

समाप्त